**Salañ-salañ**, **Yuusu Nduur**

Ku ne am say salañ-salañ
Nit ku ne am ngay keseŋ-keseŋ
Ku bëggul lii dinga bëgg la ca des
Bëtu mbëggeel ku dul mbëggeel  du ko gis
Ku ne am say salañ-salañ
Ku ne am say keseŋ-keseŋ

Xale bii yaay ja wax na mu bañ
Xale bii baay ba wax na mu bañ
Ki mu bëgg moom nee na du ko ba
Bu nu ko waxe mu ne ndokk na ma rey
Ku ne am say salañ-salañ
Nit ku ne am say keseŋ-keseŋ

Booy wax bul ca sore lool
Ma ne booy wax bul ca sore lool
Mbëggeel tax na mu mere yaayaam
Mbëggeel tax na mu doggook baayam
Ku ne am say salañ-salañ
Nit ku ne am say keseŋ-keseŋ

Li ma ci gënë neex mooy
Li ma ci gënë rey mooy
Li ma ci gënë saf mooy
Ku nekk sa salañ-salañ
Ku nekk sa jëbër-jëbër
Ma ne ku nekk sa keseŋ-keseŋ

Ku ne ak say salañ-salañ
Nit ku ne ak say salañ-salañ
Ku bëggul lii dinga bëgg la ca des
Bëtu mbëggeel ku dul  mbëggeel du ko gis
Ku ne ak say salañ-salañ
Ku ne ak say keseŋ-keseŋ

Xale bii yaay ja wax na mu bañ
Xale bii baay ba wax na mu bañ
Ki mu bëgg moom nee na du ko ba
Bu nu ko waxe mu ne ndokk wooy  na ma rey
Ku ne ak say salañ-salañ
Nit ku ne ak say keseŋ-keseŋ

Li ma ci gënë neex mooy
Li ma ci gënë rey mooy
Li ma ci gënë saf mooy
Ku nekk sa salañ-salañ
Ku nekk sa jëbër-jëbër
Ma ne ku nekk sa keseŋ-keseŋ

Mbëggeel a diis
Mbëggeel a wóor
Mbëggeel a diis
Mbëggeel amul foronceer
Mbëggeel a diis
Ku nekk ak mbëggeelam
Mbëggeel a diis
Ñii da leen di maajloo
Mbëggeel a diis
Ñii mu leen di miserloo
Mbëggeel a diis
Am na ñu mbëggeel sonnal lool
Mbëggeel a diis
Am na ñu mu sanq it ba tey
Mbëggeel a diis
Mbëggeel a bari doole
Mbëggeel a diis
Amul aji amul aas
Mbëggeel a diis
Amul mag amul ndaw
Mbëggeel a diis
Mbëggeel ku mu soog daan
Mbëggeel a diis
Amul aji amul aas
Mbëggeel a diis
Mbëggeel a bari doole
Mbëggeel a diis
Ñii da leen di maajloo
Mbëggeel a diis
Ñii mu leen di miserloo
Mbëggeel a diis

**Tekki bi**
salañ-salañ = jëbër-jëbër = keseŋ-keseŋ: lover
des: to remain
mbëggeel g-: love
bañ: to refuse
ba: to leave somebody
mere: be mad with somebody
doggoo: to separate with somebody
neex: ‘like’

rey: to kill
saf: be tasty
diis: be heavy
wóor: be sure of something
foronceer b-: border
maajloo= sonnal : to make tired
miserloo: to distress
sanq: to ruin
bari: a lot
doole j-: strengh
aji: a woman who made the Mecca pilgrimage
aas: a man who made the Mecca pilgrimage
mag j-: elder (old person)
ndaw l-:  young person
soog: to assault
daan: to beat (to win)

**Dég-dég bi**

1. lan la ku ne am?
2. ñan ñoo wax xale bi bañ ?
3. ki bëgg lan leen wax ñi koy wax mu bayyi ?
4. lan la ki bëgg def yaayam ak baayam?
5. lan moo ci gënë neex woykat bi?
6. lan la awukat yi di wax?
7. mbëggeel am na foronceer am déet ?
8. lan la mbëggeel bari?
9. lan la mbëggeel di defloo ñeen ñi ?

**Jéemantu bi**

1. déglul woy wi nga yokk kàddu yeek baat yi manke

**Xaaj 1**

Ku ne am say salañ-salañ
Nit ku ne am ngay keseŋ-keseŋ
Ku bëggul lii ------------------  la ca des
Bëtu mbëggeel ku dul mbëggeel  du ko gis
Ku ne am say ---------------------
Ku ne am say keseŋ-keseŋ

**Xaaj 2**

Xale bii yaay ja wax na mu bañ
Xale bii -----------    wax na mu bañ
Ki mu bëgg moom nee na du ko    ----------
Bu nu ko waxe mu ne ----------   na ma rey
Ku ne am say salañ-salañ
Nit ku ne am say keseŋ-keseŋ

**Xaaj 3**

Booy wax bul ca sore lool
Ma ne booy wax -------------  lool

Mbëggeel tax na mu -----------------
Mbëggeel tax na mu doggook baayam
Ku ne am say salañ-salañ
--------------------   am say keseŋ-keseŋ

**Xaaj 4**
Li ma ci gënë neex mooy
Li ma ci ------------    mooy
Li ma ci gënë saf mooy
Ku nekk sa salañ-salañ
Ku nekk sa ---------------
Ma ne ku nekk sa keseŋ-keseŋ

**Xaaj 5**
Ku ne ak say salañ-salañ
Nit ku ne ak say -------------------
Ku bëggul lii dinga bëgg la ca des
-------------------   ku dul  mbëggeel du ko gis
Ku ne ak say salañ-salañ
---------   ak say keseŋ-keseŋ

**Xaaj 6**
Xale bii yaay ja wax na mu bañ
Xale bii -------------  wax na mu bañ
Ki mu bëgg moom nee na du ko ba
-------------     mu ne ndokk wooy  na ma rey
Ku ne ak say salañ-salañ
Nit ku ne ak say ----------------

**Xaaj 7**
Li ma ci gënë neex mooy
Li ma ci gënë rey mooy
-------------        saf mooy
Ku nekk sa salañ-salañ
Ku nekk sa jëbër-jëbër
Ma ne ku nekk sa keseŋ-keseŋ

**Xaaj 8**
Mbëggeel a diis
Mbëggeel ----------------
Mbëggeel a diis
Mbëggeel ----------------
Mbëggeel a diis
Ku nekk ----------------------------
Mbëggeel a diis
Ñii da leen di maajloo
Mbëggeel a diis
------------------------------------------------
Mbëggeel a diis
Am na ñu mbëggeel --------------------

Mbëggeel a diis
Am na ñu mu sanq it ba tey
Mbëggeel a diis
Mbëggeel a --------------------
Mbëggeel a diis
Amul aji amul aas
Mbëggeel a diis
--------------------------------------------
Mbëggeel a diis
Mbëggeel ku mu soog daan
Mbëggeel a diis
------------------------------------------
Mbëggeel a diis
Mbëggeel a bari doole
Mbëggeel a diis
Ñii da leen ---------------------------
Mbëggeel a diis
Ñii mu leen di miserloo
Mbëggeel a diis

2. Ci sa xalaat li Yuusu woy am na solo am déet ? Méngook na li nga xam ci mbëggeel?